



# Pwogram Tinèl Dlo Metwopoliten MWRA

## Fèy Enfòmasyon konsènan Posib Konsekans sou Anviwònman Resous Natirèl ak Kiltirèl

Avèk Pwogram Tinèl Dlo Metwopoliten, Administrasyon Resous Dlo Massachusetts (Massachusetts Water Resources Authority, (MWRA) pral konstwi de nouvo tinèl dlo ki pral fasilite yo repare vye sistèm tinèl dlo ki la deja san yo pa sispann sèvis la. Egzekisyon Pwogram nan pral sipòte kontinwite sekirite ak abondans distribisyon dlo nou.

Annakò avèk Lwa konsènan Règleman Massachusetts sou Anviwònman an (Massachusetts Environmental Policy Act, MEPA), MWRA te evalye avèk anpil prekosyon konsekans posib pwojè sa a sou anviwònman an. Fèy Enfòmasyon sa a bay yon deskripsyon evalyasyon konsekans posib yo sou resous natirèl ak kiltirèl yo ak estrateji diminisyon yo pwopoze.

### *Ki objektif ak avantaj ki genyen nan Pwogram nan?*

Yo te konstwi Sistèm Tinèl Metwopoliten ki la deja (Tinèl Vil, Pwolongasyon Tinèl Vil, ak Dorchester Tunnel) ant ane 1950 yo ak ane 1970 yo epi li te kontinye ap bay sèvis depi lè sa a. Menmsi tinèl yo ki nan wòch fon epi ki kouvri avèk beton gen yon direkvi long, kèk nan vàn asosye yo ak tiyo yo te depase direkvi yo epi yo nan move eta nan moman an. Pou nou kapab antreteni ak ranplase kèk nan valv ak tiyo sa yo san sispann distribisyon dlo ou, yon sistèm redondans nesèsè.

Pwogram Tinèl Dlo Metwopoliten pral amelyore fyabilite Sistèm Tinèl Metwopoliten k ap sèvi zòn Boston metwopoliten, pou fasilite antretyen ak reparasyon sistèm nan san sispann sèvis la. Objektif prensipal Pwogram nan se pou pwoteje sante piblik la, bay sanitasyon, epi bay pwoteksyon kont dife, annamoni avèk misyon MWRA. Pami lòt avantaj yo, Pwogram nan deziyen pou:

- Bay redondans pou Sistèm Tinèl Dlo Metwopoliten, epi bay posiblite pou fè antretyen sou sistèm tinèl ki la deja pandan tout ane a;
- Bay sèvis san sispann sizoka gen yon fèmte akòz ijans epitou satisfè gwo kantite demann jounalye san restriksyon sezonye;
- Konsève tarif dirab ak prediktib yo nan nivo sèvis dlo a; epi,
- Evite bay lòd pou moun bouyi dlo.

### *Kisa pwosesis Revizyon Konsekans sou Anviwònman (Environmental Impact Review, EIR) ye?*

Anvan pwosesis EIR, MWRA te devlope anpil lòt kalite pwogram, oswa posiblite pou kote yo ta dwe konstwi nouvo tinèl la. Pandan pwosesis EIR, MWRA ap yon analiz jeneral konsekans posib pwogram nan epi y ap devlope estrateji pou evite, diminye nèt, epi/oswa limite nenpòt konsekans sou anviwònman an ak sante piblik. EIR ap evalye konsekans konstwiksyon tinèl la ka genyen sou anviwònman an ak sante piblik swa pandan konstwiksyon an (**konsèkans konstwiksyon nan**) oswa apre konstwiksyon an (**konsèkans pèmanan**). Poutèt sa, ajans federal, ajans leta ak ajans minisipal, ak piblik la pral revize rapò EIR. EIR pral idantifye yon lòt pwogram prefere pou tinèl MWRA ap avanse nan konsepsyon, konstwiksyon, epi, finalman, operasyon.

### *Ki pati nan Pwogram nan ki kapab gen konsekans sou anviwònman an?*

Pifò nan konstwiksyon tinèl pral fèt anba sifas la, lè machin foraj tinèl la (tunnel boring machine, TBM) ap fouye nan wòch la jiska 400 pye anba tè a. Men, anpil pui pral konekte tinèl la avèk sifas la:

- **Ab-lansman ak pui-resepsyon**, ki pral pèmèt TBM antre ak soti nan tinèl la; epi,
- **Ab-koneksyon**, ki pral bay koneksyon enpòtan ant nouvo tinèl yo avèk sistèm transmisyon dlo nou an ki la deja epi avèk kominote lokal nou sèvi yo.

Lè nou te idantifye pozisyon yo pou chantye lansman ak chantye resepsyon yo, MWRA te konsantre sou fason pou evite ak diminye nèt konsekans yo sou anviwònman an ak sante piblik. Tanpri gade *Fèy Enfòmasyon Chantye* pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis sa a.



Egzanp yon machin foraj tinèl

## *Kisa posib konsekans yo ye sou anviwònman epi ki estrateji diminisyon ki pwopoze?*

Pwosesis EIR te idantifye anpil domèn posib konsekans ki asosye avèk resous anviwònman, sitou:

- **Espès ki Ra yo ak Abita Sovaj.** Se pa espès leta endike yo nou jwenn toupre chantye pui Pwogram nan epi poutèt sa pa ta gen konsekans sou yo pandan konstwiksyon oswa an pèmanans. Pandan konstwiksyon an, pwòjè a ka chanje kèk abita vejetal ak abita animal, tankou posib abita Northern Long-Eared Bat ak abita papiyon monak. Pou diminye nenpòt konsekans, pwogram nan pral konfòme li avèk Moman Restriksyon Anyèl ki anvigè sou koupaj pyebwa ak lòt mezi ki endike nan Sèvis ki anvigè sou Lapèch ak Lafòn Sovaj a(d) Règ pou Northern Long-Eared Bat.
- **Resous Kiltirèl ak Resous Istorik.** Sèl pwopriyete nou espere k ap anba konsekans yo se Walter E. Fernald State School, kote gen twa bilding— de (2) rezidans pou anplwaye (chalè) ak yon garajyo tout nan pozisyon pwent sid kanpis la, epi yo gen yon distans avèk sant istorik li— ta demoli. Si diminisyon konsekans yo obligatwa, nou ta idantifye mezi apwopriye nan tèt ansanm avèk Komisyon Istorik Massachusetts. Pa ta gen konsekans peryòd konstwiksyon pwovizwa a sou resous kiltirèl yo ak resous istorik yo.
- **Materyo Danjere, Manipilasyon ak Materyo ak Resiklaj.** Akòz pozisyon Pwogram sa a nan zòn ki devlope anpil yo, nou ka dekouvri sòl oswa dlo anba tè ki kontamine pandan konstwiksyon an. Pwogram nan ta finalman gen yon efè pozitif sou zòn nou konfime yo ki gen kontaminasyon nan sòl ak dlo anba tè nan zòn nan, paske nou ta kontwole materyo danjere yo kòm sadwa. Nenpòt sòl oswa dlo anba tè kontamine nou jwenn pandan konstwiksyon an p ap gen konsekans sou tinèl la apre konstwiksyon an oswa sa p ap gen konsekans dou kalite dlo potab la.
- **Chanjman Klima, Adaptasyon ak Rezistans, epi Dirabilite.** Menmsi sa pa t yon egzijans legal, MWRA te evalye avèk volonte li posib chanjman nan klima – risk ak ekspozisyon asosye yo pou Pwogram nan. Evalyasyon sa a te jwenn pwogram nan pral gen yon enpak pozitif sou rezistans kominote a nan chanjman klima a, sitou lè li bay yon distribisyon dlo ki pi rezistan.
- **Resous Kominotè ak Espas Lib.** Fason Pwogram nan ap itilize teren ki nan espas lib ak resous kominotè yo te diminye nèt. Paske tinèl la pral pase fon anba sifas tè a, nou espere konsekans ki apèn pèmanan nan kondisyon yo anwo sòl la. Konsekans pèmanan nan resous kominotè yo ak nan resous espas lib nan chantye anwo sòl la pral diminye nèt.

Tanpri gade *Fèy Enfòmasyon ki gen Sèvis Transpò, Bwi, ak Vibrasyon/Kalite Lè, ak Distribisyon Dlo* pou jwenn plis enfòmasyon sou sijè sa yo.

## *Angajman pou Kontwòl Konsekans yo*

MWRA angaje pou travay avèk kominote a pou kontwole nenpòt konsekans ki gen rapò avèk Pwogram nan. Jan sa dekri nan *Fèy Enfòmasyon sa a*, Pwogram nan deziyen pou bay avantaj pou kominote a lè nou asire pral gen yon sistèm dlo ki rezistan ak fyab pivevanavèk pi piti konsekans yo sou anviwònman an ak sante piblik. Chwa tinèl la ap fè gwo diminisyon nan kantite konsekans ki ta genyen sou anviwònman an ak sante piblik akòz konstwiksyon liy tiyo sou yon distans anpil mil toupre sifas la.



Egzanp lansman zòn konstwiksyon pui pandan ak apre konstwiksyon

• • •

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Tinèl Dlo Metwopoliten, tanpri ale sou sitwèb [www.mwra.com/mwtp.html](http://www.mwra.com/mwtp.html) oswa kontakte Ekip Kominikasyon nou nan adrès imèl [tunnels.info@mwra.com](mailto:tunnels.info@mwra.com).

